**O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**
**A`JINIYaZ ATINDAG`I NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI**

QARAQALPAQ A`DEBIYaTI KAFEDRASI

*Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`tetinin` IV[a] kurs pitkeriwshisi*
***Esimbetova Aysulıwdın`***

# PITKERIW QA`NIGELIK JUMISI

tema: **A`jiniyaz lirikasının` o`zgesheligi**

*Ilimiy basshı:* f.i.k. dots. B. Davletov

*Kafedra baslıg`ı:* f.i.k. dots. B.Davletov

No`kis -2012

**Jaqlawg`a ruxsat berildi:**

| | |
|---|---|
| Fakul`tet dekanı: | f.i.k. dots. D. Paxratdinov |
| Kafedra baslıg`ı: | f.i.k. dots. B.Davletov |
| Ilimiy basshı: | f.i.k. dots. B.Davletov |

Tema: **A`jiniyaz lirikasının` o`zgesheligi**

Ma`mleketlik imtixan komissiyasının` qararı:

Pitkeriwshi Esimbetova Aysulıwdın` pitkeriw qa`nigelik jumısına

«___________» bahası qoyılsın

«_____________» 2012-jıl.

MAK baslıg`ı:

MAK ag`zaları:

Tema: **A`jiniyaz lirikasının` o`zgesheligi**

***J o b a s ı :***

KIRISIW

I Bap. **KO`RKEM A`DEBIYaTTA LIRIKALIQ SU`WRETLEW**

II Bap. **A`JINIYaZ QOSIBAY ULI DO`RETIWShILIGINDE LIRIZM**

**JUWMAQ**

**A`DEBIYaTLAR DIZIMI**

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`teti

Qaraqalpaq a`debiyatı kafedrası

2011-2012-oqıw jılı.

Pitkeriwshi**:** Esimbetova Aysulıw

Ilimiy basshı**:** f.i.k. dots. B.Davletov

tema: **A`jiniyaz lirikasının` o`zgesheligi**

## Avtorlıq annotatsiya

***Temanın` aktuallıg`ı.***

Qaraqalpaq poeziyasında belgili ornı bar klassik shayırlarının` biri A`jiniyaz Qosıbay ulı do`retiwshiligi usı ku`nge shekem ha`r ta`repleme a`debiyattanıwshı ilimpazlar ta`repinen izertlenip kelindi. Al, bul shayırdın` lirikasının` o`zgesheligi, lirikalıq su`wretlew, do`retiwshiligindegi lirizm ma`selesi ilimde az izertlendi. Sonlıqtan, bul pitkeriw qa`nigelik jumısımızda A`jiniyaz Qosıbay ulının` poeziyalıq shıg`armalarının` o`zgesheliklerinin` izertleniwi jumısımızdın` aktuallıg`ın quraydı.

***Jumıstın` maqseti ha`m wazıypaları.***

Bul pitkeriw-qa`nigelik jumısında shayır A`jiniyaz Qosıbay ulının` poeziyalıq shıg`armalarında ortag`a qoyılg`an da`wir problemasi ha`m usı problemanı shayırdın` sheshiwindegi o`zine ta`n bolg`an jan`a ideyalıq bag`ıtları, sonday-aq shayırdın` forma jasawdag`ı sheberlikleri ha`m janrdı o`z da`wirine say rawajlandırıwdag`ı jetiskenlikleri ma`selelerin, shayır lirikasındag`ı ko`rkem obrazlı so`z jasaw printsiplerin u`yreniwdi maqset ettik ha`m jumıstın` aldına wazıypa etip qoydıq.

***Izertlew ob`ekti ha`m predmeti.***

Bul pitkeriw jumısına shayır A`jiniyaz Qosıbay ulı shıg`armalarının` baspadan shıqqan qosıq toplamların ilimiy-izertlew ob`ekti etip alındı ha`m jumıstın` analizlew predmeti boldı.

***Izertlew metodları ha`m usılları.***

Bul pitkeriw qa`nigelik jumısında salıstırmalı tipologiyalıq ha`m tariyxıy-xronologiyalıq metod ha`m usıllarınan paydalanıldı.

***Izertlew na`tiyjelerinin` ilimiy jan`alıg`ı.***

Bul jumısta shayır A`jiniyaz Qosıbay ulının` poeziyalıq shıg`armaları boyınsha bu`gingi ku`n ko`z-qarasınan bizden aldın`g`ı ustaz- ilimpazlardın` ilimiy pikirlerine su`yengen halda o`zimizdin` ilimiy tiykarg`a iye jeke pikirlerimizdi berdik.

***Jumıstın` qurılısı ha`m ta`rtibi.***

Pitkeriw qa`nigelik jumısı Kirisiw ha`m Juwmaqtan tısqarı tiykarg`ı eki baptan ja`ne ilimiy a`debiyatlar diziminen turadı.

***Orınlang`an jumıstın` tiykarg`ı na`tiyjesi.***

Shayır A`jiniyaz Qosıbay ulı poeziyasının` o`zgeshelikleri boyınsha studentlik ko`z-qarastan jeke ilimiy-teoriyalıq juwmaqlarımızdı beriwge ha`reket ettik.

Ilimiy basshı**:** f.i.k. dots. B.Davletov

Pitkeriwshi**:** Esimbetova Aysulıw

## KIRISIW

A`jiniyaz Qosıbay ulı do`retiwshiligin u`yreniw o`tken a`sirdin` otızınshı jıllarınan keyin qolg`a alındı. Al, shayırdın` toplamların basıp shıg`arıw isi bolatug`ın bolsa urıstan keyin g`ana a`melge asırıldı.

Prezident Islam Karimov adamzattı oylandırıp kiyatırg`an usınday sorawlarg`a o`zinin` «Joqarı ma`na`wiyat jen`ilmes ku`sh» atlı shıg`armasında toqtalıp: «Turmıstın` ma`nisin an`lap jetiwge o`z o`mirin, bilim ha`m talantın bag`ıshlag`an ne-ne ullı insanlar bilimli filosoflar, danıshpan ha`m a`ziz a`wlieler milleti, tili, dinine qaramastan–usı sıyaqlı qıyın mashqalalarg`a juwap tabıw ushın izlengen, bul temada qanshadan qansha shıg`armalar jaratqan. Lekin, bul sawal bu`gingi ku`nde de ele de o`tkir ha`m aktual bolıp qalıp atırg`anın biykarlap bolmaydı»[1] dep atap ko`rsetedi ha`m eskertedi.

N. Da`wqaraev 1949-jılı A`jiniyaz shıg`armalarının` birinshi toplamın bastırıp shıg`ardı. Ilimpaz bul toplamının` kirisiwinde shayırdın` o`miri ha`m tvorchestvosı jo`ninde qısqasha mag`lıwmat berdi. N.Da`wqaraev son`ınan «..qaraqalpaq a`debiyatı tariyxı ocherkleri» degen monografiyasında A`jiniyazdın` do`retiwshiligine sholıw jasadı. «A`jiniyaz sezimge mol, o`zinin` muzıkalılıg`ı menen ha`m priemlarının` ja`ne ko`rkem su`wretlew qurallarının` ja`n-jaqlılıg`ı menen ayırılıp turadı»[2], dep jazadı. Solay etip, N.Da`wqaraev A`jiniyaz shayırdın` o`miri ha`m do`retiwshiligi jo`nindegi ilimiy izertlew jumıslarına baslama salıp berdi. I.Sag`itov ta A`jiniyaz do`retiwshiligi jo`ninde ko`p g`ana pikirler ju`rgizdi. Ol. Shayırdın` 1965 ha`m 1975 jıllarda basıp shıg`arılg`an toplamlarına kiris so`z jazdı.

---

q И.Karimov «Joqarı ma`na`wyat jen`ilmes ku`sh» Tashkent «Ma`na`wyat» 2008 j

[2] N.Da`wqaraev. Shıg`armalarının` tolıq jıynag`ı, 3-tom, «Qaraqalpaqstan» baspası, No`kis, 1979. 74-bet.

M.Nurmuxamedov o`zi jazg`an miynetlerinde A`jiniyaz do`retiwshiligi haqqında toqtap bahalı pikirler ayttı.

A`jiniyaz Qosıbay ulının` 150 jıllıq yubileyine baylanıslı I.Yusupov shayırg`a «A`jiniyaz monologi» («A`miwda`r`ya» jurnalı, 1975, № 8, 3-4 b.) qosıg`ı menen «Dala Orfeyi» (A`jiniyaz. «Qaraqalpaqstan» baspası, No`kis – 1975, 5-20 b.) atlı teren` mazmunlı maqalasın arnadı.

Qaraqalpaqstan xalıq shayırı usı maqalasında: «…A`jiniyazdın` Watanshıllıg`ı menen gumanistligi, shayırlıq ma`deniyatındag`ı oqımıslılıq onı o`z zamanlasları arasında o`zgeshe bir to`be etip ko`rsetip turadı»[1] - dep ayrıqsha atap o`tti.

Professor K.Ma`mbetov «A`jiniyaz shıg`armalarında Shıg`ıs klassiklerinin` da`stu`rleri» («A`miwda`r`ya» jurnalı, №1975-jıl, № 7, 110-111 b.), «A`jiniyaz» No`kis, «Bilim» baspası, H.Ha`midov «A`jiniyaz poeziyasının` derekleri haqqında» («A`miwda`r`ya» jurnalı, 1975-jıl, № 8, 5-10 b.), Q. Sultanov «A`jiniyazdın` poeziyasının` janrları» («A`miwda`r`ya» jurnalı, 1975-jıl, № 8, 112-117 b.), A`. Pirnazarov «A`jiniyazdın` so`z ustalıg`ı haqqında geypara oylar» («A`miwda`r`ya» jurnalı, 1975 - jıl, № 8, 118 - 120 b.) atlı ilimiy maqalaları jazıldı.

A`jiniyaz shayır haqqında o`zinen burıng`ı ilimpazlar ta`repinen aytılg`an oy-pikirlerdi rawajlandıra otırıp Q. Sultanov «A`jiniyazdın` shıg`armalarındag`ı en` tiykarg`ı na`rse adamdı tanıw, adamnın` minez-qulıqların ideyallastırıw bolıp tabıladı»[2],-dedi. A`jiniyaz do`retiwshiligi haqqında jazılg`an miynetlerdin` en` ko`lemlileri son`g`ı jılları baspadan shıqqan B.№a`limbetovtın` «A`jiniyazdın` lirikası» («Qaraqalpaqstan» baspası, No`kis-a`9ha`), A`.Pirnazarovtın` «Masterstvo Ajiniyaza»

---

[1] I.Yusupov. «Dala Orfeyi». A`jiniyaz, «Qaraqalpaqstan» baspası, No`kis-1975, 6-bet.
[2] Q.Sultanov. A`jiniyaz poeziyasının` janrları. «A`miwda`r`ya» jurnalı, 1975-jıl, № 8, 112 bet

(Nukus, «Qaraqalpaqstan», 1983) atlı kitapshalar boldı. Atlarınan ma`lim bolg`anınday-aq B. Qa`limbetov shayır shıg`armalarındag`ı yag`nıy lirikalarındag`ı janlı birliklerdi, ko`rkemlik o`zgesheliklerdi ha`m shayırdın` qaraqalpaq a`debiyatına tiygizgen ta`sirin ashıp beriwge umtılsa, al A`.Pirnazarov A`jiniyazdın` shayırlıq sheberligin da`liyllew menen birge onın` a`debiy miyrasın qaraqalpaq a`debiyatındag`ı u`lken bayterekre megzetedi.

G`a`rezsizlik jıllarına kelip A`jiniyaz do`retiwshiligi boyınsha arnawlı izertlewlerden B. Genjemuratovtın` «A`jiniyaz lirikasının` poetikası» (No`kis «Bilim» 1997), G. Da`wletovanın` «A`jiniyaz poeziyasında da`stu`r ha`m jan`ashıllıq» («Qaraqalpaqstan» 1998) miynetleri jazıldı.

A`jiniyaz shayır do`retiwshiligi boyınsha sufiylik ta`liymatların jan`a ilimiy bag`darda o`z miynetlerinde so`z etken ilimpaz f. i. d. professor Q. Ja`rimbetovtın` «XIX a`sir qaraqalpaq lirikasının` janrlıq qa`siyetleri ha`m rawajlanıw tariyxı»[1] (No`kis «Bilim» 2004) «Ashıq Ziywar»[2] (No`kis «Bilim» 1998) atlı ilimiy miynetleri jazıldı.

A`jiniyazdın` o`miri ha`m do`retiwshiligine bag`ıshlang`an maqalalar, ilimiy miynetler onsha az da jazılmag`an sıyaqlı. Solay bolsa da shayır shıg`armaları ele de teren`nen tallanbay kiyatır.

Durıs, B. Qa`limbetov penen A`. Pirnazarov shayırdın` ko`plegen qosıqlarına analiz jasag`an. Degen menen, bul da oyshıl shayırdın` do`retiwshiligi ushın jetkiliksizdey.

Shayırdın` shıg`armalarında el - xalqına bolg`an teren` su`yiwshilik sezimleri, ta`rbiyalıq xarakterdegi oy - pikirleri, hayal

---

[1]Ja`rimbetov Q. «XIX a`sir qaraqalpaq lirikasının` janrlıq qa`siyetleri ha`m rawajlanıw tariyxı» No`kis «Bilim» 2004.
[2] Ja`rimbetov Q. «Ashıq Ziywar» No`kis «Bilim» 1998

- qızlarg`a bolg`an ko`z – qarasları ha`m turmıstın` ha`r qıylı qısqısına narazılıq o`zinin` ko`rkem su`wretleniwin tapqan. Mine, bulardın` barlıg`ı da shayır shıg`armalarındag`ı lirizm bolıp tabıladı.

Jumısımızda shayırdın` usınday lirizmge tolı burın tallang`an ha`m tallanbag`an qosıqlarına toqtap o`temiz. Astarlı ma`nide jazılg`an qosıqların tu`siniwge ha`m onı basqalarg`a tu`sindiriwge talpınamız. Bizin` bul jumıstı jazg`andag`ı tiykarg`ı maqsetimiz de shayırdın` kewil keshirmelerin tolıg`ıraq ashıp beriw.

Sonday - aq shayır do`retiwshiligine ilimpazlarımız ta`repinen aytılg`an ha`r qıylı ko`z-qaraslar jo`ninde toqtap, bularg`a o`z pikirimizdi bildiremiz degen menen o`zimiz ta`repinen aytılg`an ha`r bir pikirdi tiykarg`ısı ha`m son`g`ısı dewden pu`tkilley awlaqpız.

A`jiniyaz shıg`armaların izertlew bunday kishigirim jumıs penen sheklenbeytug`ınlıg`ı o`z - o`zinen tu`sinikli na`rse. Onın` poeziyasının` ko`plegen sırları bar. Bul sırlardı ashıw ushın ko`plegen ilimiy jumıslardı jazıwg`a tuwra keledi.

Usılar menen birlikte shayırdın` Qaraqalpaq a`debiyatına tiygizgen ta`siri ha`m A`jiniyazdın` ko`rkem so`z ustaları arasında belgilewge ha`reket etemiz.

I Bap. **KO`RKEM A`DEBIYaTTA LIRIKALIQ SU`WRETLEW**

Lirika ko`rkem a`debiyattın` u`sh janrının` biri. A`debiyat janrlarında, mısalı, eposta bay waqıya u`stemlik etedi, dramada adam xarakterinin` tartısı tiykarg`ı orın iyeleydi, lirikada adamnın` o`zinlik oyı, a`rmanı, keypi menen qıyalı u`stemlik etedi. Lirik shayır o`zinin` ju`rek sezimin, sırın jaqın dostına, su`ygen adamına, ta`biyatqa, Watang`a tikkeley arnap aytıwı mu`mkin. Biraq ta qosıqtag`ı «men» tek avtordın` o`zine g`ana ta`n bolıp qalmastan, ko`pke ortaq bolıwı kerek. Lirika sezim tuwralı shıg`arma bolg`anlıqtan, ol ku`ta` qısqa, ıqsham bolıwı kerek, eger de ol uzaq bolsa, oqıwshını jalıqtırıp, kewlin suwıtadı.

Lirika haqqında belgili rus jazıwshısı ha`m sınshısı Belinskiy: «Lirika tilsiz sezimge so`z ha`m obraz beredi, olardı tar gewdenin` qıspag`ınan alıp shıg`ıp, ko`rkem o`nerdin` taza hawasına kirgizedi de ayrıqsha o`mir beredi.. …Adamdı qızıqtırg`an, jan du`n`yasın tolqıtqan oylar, quwantqan, qayg`ıg`a salg`an, zawıqlandırg`an, qıynag`an, tınıshsızlandırg`an, qa`wiplendirip qorqıtqan, qısqası sub`ekttin` ruwxıy turmısının` mazmunın qurag`an ne bolsa, bulardın` ha`mmesin lirika o`zinin` nızamlı baylıg`ı sıpatında qabıl etedi».[1]

Lirika haqqinda f.i.d. professor K. Ja`rimbetov: ”Uliwma alg`anda, lirika a`debiy janr sipatinda oy!pikirdi, ideyani, mazmundiinsang`a ta`n jismaniy (fiziologiyaliq) sezimler, ruwxiy keypiyatlar, keshirmeler, tolg`anislar, ku`shli emotsiyalar arqali beredi. Lirikaliq shig`armada ku`yinishli ha`m su`yinishli, ko`terin`ki yamasa jerkenishli sezimler oy-

---

[1] Qaran`iz: S. Axmetov ha`m Q. Sultanovlardın` avtorlıg`ındag`ı «A`debiyattanıw» kitabınan alındı. No`kis, «Qaraqalpaqstan», 1987, 200-201 betler.

pikirlerdin` mazmunin, ideyaliq bag`itin jaratiwda tiykarg`i faktor bolip xizmet etedi”[1]-dep jazadi o`z miynetinde.

Ko`rkem a`debiyattın` bul janrı erte da`wirlerden-aq payda boldı. Sonday-aq Shıg`ıstın` ko`rkem so`z ustaları da bul janrda ko`plegen shıg`armalar do`retti. Bunın` en` jaqsı u`lgilerin Dehleviy, Mashrab, Nawayı, Andalıp, Maqtımqulı ha`m tag`ı basqa da usılar sıyaqlı Shıg`ıs klassiklerinin` shıg`armalarınan ko`riwge boladı.

Tu`rki xalıqlar a`debiyatı tariyxında A`lisher Nawayı Orta Aziya xalıqları poeziyasının` tajın kiygen qu`diretli alıbı ha`m jol ko`rsetkish juldızı boldı. Sonlıqtan, progressiv ideyadag`ı shayırlar: Munis, Agahiy, Xorezmiy, Muximiyler Nawayı muxammesi ha`m g`a`zzellerine arnap bir qansha muxammesler jazg`an. Nawayı shıg`armaları XX a`sirge shekem-aq qaraqalpaq xalqına ken`nen tarag`an. Berdaq, «Nawayıdan sawat ashtım» dese, Ayapbergen Muwsa ulı «Mir A`lisher Jiyrenshege taqabbil», - dep o`z qosıq qatarlarında keltiredi. Biraq, A`jiniyazdın` qosıqlarınan bunday da`l aytılg`an qatarlardı taba almaysan`.

Degen menen onın` poeziyasında Farhad Shiyrin, La`yli Ma`jnu`n sıyaqlı Nawayı do`retken obrazlar jiyi-jiyi ushırasıp turadı. Nawayı menen A`jiniyaz arasında qosıq jazıwdag`ı geypara stili tuppa - tuwrı keledi.

Andalıp Nawayı da`stu`rin dawam ettiriwshi shayırlardın` biri boldı. Ol o`z da`wirinde ko`p g`ana lirikalıq qosıqlar menen birge ko`plegen da`stan jazg`an shayır.

Nawayıdan son` tu`rki xalıqlar a`debiyatında hamsashılıq da`stu`ri toqtap qaldı. Nawayı Shıg`ıstın` belgili klassik shayırlarının` qa`leminen shette qalmag`an xalıq eposları tiykarında «La`yli-Ma`jnun», «Yusup-Zlixa» tek g`ana o`z do`retiwshiligine ta`n «Ziynel

[1] Ja`rimbetov Q. «XIX a`sir qaraqalpaq lirikasının` janrlıq qa`siyetleri ha`m rawajlanıw tariyxı» No`kis «Bilim» 2004. 14-bet

arab», «Saqshı Waqas», «Oguznama», «Nesimi» tag`ı basqa da da`stanlardı jazdı. Andalıptın` do`retiwshiligi de tu`rki xalıqları arasında ken`nen tarag`an. Onın` «Yusup-Zlixa», «La`yli-Ma`jnun» sıyaqlı da`stanları qaraqalpaq qıssaxanlarının` ha`m baqsılarının` en` jaqsı repertuarlarına aynalg`an.

XIX a`sirdegi qaraqalpaq xalqının` belgili klassik shayırı Berdaqtın` «So`z eshittim Andalıptan» dep onın` atın tilge alıwı, Andalıp do`retiwshiligi menen tanıs ekenliginen derek beredi. Bul so`z Berdaq penen zamanlas jasag`an A`jiniyazg`a da tolıg`ı menen tiyisli dep ayta alamız.

Andalıptın` «La`yli-Ma`jnun» da`stanı o`zinen son`g`ı shayırlar ushın shayırlıqtan sawat ashatug`ın a`lipbesi boldı. Turki xalıqlarının` qaysı shıg`armasın oqısan` da muhabbat temasın so`z etkende La`yli ha`m Ma`jnun so`zlerin aytpay o`te almaydı. Sebebi bul romantikalıq obraz Shıg`ıs a`debiyatı ushın burınnan-son`g`ı a`psana bolıp kiyatırg`an obraz.

Tu`rkmen halqının` Andalıptan son`g`ı shayırı Maqtımqulı. Onın` shıg`armaları tu`rkmen halqının` shayırları menen birge ulıwma Orta Aziyadag`ı ko`rkem so`z sheberligine ku`shli ta`sir etti. A`sirese ol Xorezm oypatında jasawshı o`zbek, qaraqalpaqlar arasında ken`nen belgili, su`yikli dana so`z sheberi, «o`z shayırı» bolıp tanılg`an. Sonlıqtan A`jiniyaz da Maqtımqulının` lirikalıq qosıqlarınan sheber paydalanıw arqalı o`zinin` tu`p nusqalı ku`shli qosıqların do`retti. Bul a`sirese onın` didaktikalıq qosıqlarında ko`birek gezlesedi.

Ken`es hu`kimetinen burıng`ı rus a`debiyatında lirika janrının` en` ku`shli shayırları Pushkin menen Lermontov boldı. Degen menen bul shayırlardın` do`retiwshiligi XX a`sirden burıng`ı qaraqalpaq a`debiyatına ta`siri tiydi dep ayta almaymız. Solay bolsa

da olardın` lirikalıq qosıqları jo`ninde az g`ana toqtap o`tiwdi maqul ko`rdik.

Qaraqalpaq xalqının` fol`klorında da lirikalıq su`wretlewler og`ada ko`p gezlesedi. Bul a`sirese, xalıqtın` awız eki do`retiwshiligindegi muhabbat qosıqlarında ku`shli seziledi.

Muhabbat lirikaları adamnın` kewil tuyg`ıların, ishki sezimlerin obrazg`a tu`sirip, ıshqı muhabbatın jırlaydı.

Adam muhabbatının` bay mazmunı, kishi ha`m go`zzallıg`ı qız benen jigit arasındag`ı mu`na`sibetlerdin` qanday xarakterde bolıwı menen, bir-birinin` ishki tuyg`ıların tu`siniwleri menen, bir pikirles, kewil jarasıg`ı menen belgilenedi. A`debiyatta ko`rkem obrazdın` ayrıqsha ta`sirshen` bo`legi, yamasa kewildin` zarının` obrazın jasawshı bo`legi – muhabat lirikası.

Muhabbat lirikasının` ja`ne bir ayrıqshalıg`ı sonda, ol konkret adamnın` kewil keshirmelerin, zarın su`wretleydi. Demek, lirizmnin` o`zi qısqasha aytqanda kewil keshirmeleri eken.

Xalıq qosıqlarınan:

«Ba`ha`rdin` samalı urar ju`zime,
Sennen basqa yar ko`rinbes ko`zime,
Sennen basqa yar ko`rinse ko`zime,
Ta`g`dirden tilegim o`lim o`zime»[1]

Qosıqta adamnın` ishki sezimi, kewil qararı, yag`nıy lirik qa`ha`rmannın` turaqlı muhabbatı konkret berilgen.

Qaraqalpaq fol`klorının` ja`ne bir ta`jiriybelerinin` biri sonda, onda qıyalıy ha`m turmıslıq negizge quralg`an waqıyalardı

[1] Qaraqalpaq fol`klorı. Ko`p tomlıq, 5-tom, «Qaraqalpaq xalıq qosıqları ha`m salt jırları». «Qaraqalpaqstan» baspası, Nokis-1980, 279-bet.

su`wretlewden qa`ha`rmannın` psixologiyalıq keshirmelerin beriwge umtılıw ku`shli orın aladı.

Ha`r qanday a`debiy shıg`arma qıyalıy ha`m turmıslıq faktler su`wretleniwi mumkin. Bunday psixologiyalıq keshirmelerdin` beriliwi «Sha`r`yar» da`stanındag`ı ma`stan kempir menen jer, taw-taslar, suwlardın` saza berip «so`ylewi» arqalı, al «Ma`spatsha» da`stanındag`ı A`bdikerim bay, Laqapbay ha`m Ayparshanın` psixologiyalıq keshirmeleri xalıq da`stanlarındag`ı lirizmnin` en` jaqsı u`lgileri bolıp tabıladı.

Shıg`ıs klassikasında ha`m qaraqalpaq fol`klorında su`wretlengen lirikalar qaraqalpaq klassik shayırlarının` shıg`armalarında ken`nen sa`wlelenedi. Bul a`sirese, biz so`z etpekshi bolıp otırg`an A`jiniyaz shıg`armalarında ayrıqsha ko`zge tu`sedi.

Shayırdan bizge ha`r qıylı temada jazılg`an ko`plegen lirikalar qosıqlar miyras bolıp qaldı. Ol qaraqalpaq a`debiyatı tariyxında asa bilimli lirik shayır bolıp qalıw menen birlikte, o`z qol jazbaların qaldıra alg`an, belgili ko`rkem so`z iyelerinin` biri.

Ha`r bir shayırdın` tvorchestvolıq jolının` o`zgesheligi a`debiy janrdın` qaysısına ko`birek itibar bergenliginde ko`rinedi.

A`jiniyaz lirik shayır sıpatında ko`zge tu`sedi. Lirikalıq shıg`armaları epikalıq shıg`armalarında qarag`anda ta`sirli orındı iyeleydi.

Shayır lirikalıq qosıqtın` qaysı tu`ri boyınsha shıg`arma do`retpesin, sol tu`rine o`zinin` jan`alıqları menen keldi. Sebebi turmıstın` jan`alıg`ı- poeziyanın` da jan`alıg`ı bolıp esaplanadı.

«Jamannın` jaqsının` sorasan` parqın,
Aspan-jer arası onnan ko`p jaqın,

Jaman qatın biyzar eter elatın,
So`ylegende jaqsı menen ten` bolar».

A`jiniyaz der, g`iybat so`zdi so`zleme,
U`rd etip, g`iybatti ozin` izleme,
Qoy so`zin`di, munnan artiq so`yleme,
Bunnan ko`p so`ylesen`, so`zin` za`n` bolur.

Haqıyqatlıqtı aytıw arqalı shayır tın`lawshının` o`mirindegi waqıyalar menen ortaqlasıp otır.

Eger usınday etip «janın`a kirip» pikir aytpag`anda A`jiniyazdı xalqımız sonshelli bahalamag`an da bolar edi.

A`jiniyazdın` ko`pshilik qosıqları ıshqı muhabbat temasın so`z etedi. Barlıq shıg`armalarında usı temanın` bir bo`legi intizarlıq belgileri ko`rinedi.

Shayırdın` ko`pshilik qosıqlarına en` joqarı qoyg`an teması da usı. Bunda yardın` gozzallıg`ı, onın` shayırg`a bag`ısh etken ta`siri, yardın` zulımlıg`ı, shıg`armalarının` barlıq mazmunın quraydı. Onın` barlıq muhabbat lirikasında belgili bir u`ndew bar.

«Tapmadım maxbubımnı gezip ja`ha`ndı hesh xabar!»

A`jiniyaz shayır shıg`armalarında usınday u`ndewdi ko`riwge boladı? Yamasa ol mudamı el gezip, ıshqıpazlıq penen, islam dininin` ideologiyası bolg`an ko`p hayal alıwshılıqtı, bolmasa usı ma`seledegi turaqsızlıqtı ideyalastırdı ma? Bul boyınsha tolıg`ıraq pikir ju`ritiwdi son`g`ı bo`limge qaldıramız. Onın` usı temadag`ı shıg`armaları – erkinlik, g`a`rezsizlik, joqarı printsipke qurılg`an adamgershilik ideyaları menen ushlasıp jatadı.

A`jiniyazdın` lirik shayır ekenligin tanıtqan da usı belgi, onı o`zinen burıng`ı Jiyen, Ku`nxoja shayırlardın ajıratıp turg`an da usı belgi. Sonlıqtan bul temada jazılg`an shıg`armaların astarlı ma`nide erkinlik ideyalardı su`wretlegen shıg`armaları dep qarawg`a boladı.

O`z waqtının` turmısı menen jaqsı tanıs bolg`an shayırdın` xalıqqa bolg`an degen su`yiwshilik sezimleri do`retiwshiliginen u`lken orın aladı.

Shayırdın` bunday shıg`armalarında a`deplilik ha`m miyirbanlıq, turaqlılıq, haqıyqatlıq bulardın` ha`mmesi miynetkeshlerde edi dep tu`sindiredi. Sonday-aq shayırdın` o`zinin` o`mirine baylanıslı waqıyalar da su`wretlenedi. Ol miynetkesh halıq penen birge turmıstın` awır qısletlerin ko`rdi. Bul qıyınshılıqlardan sonday bir filosofiyalıq – didaktikalıq oy juwmag`ın shıg`ardı.

«Elinen ayrılg`an diywana bolar,
Yarınan ayrılg`an biygana bolar,
Ha`rreler ushuwban pa`rmana bolar,
Uyası buzılıp paldan ayrılsa».

G`osh jigittin` da`wleti bar bashinda,
Ha`m ag`asi ha`m inisi qashinda,
Ha`rkim o`z elinde , ten`i tushinda,
Yigit qa`diri bolmas eldin ayrilsa.

A`jiniyazdın` ko`pshilik shıg`armaları o`z atınan, birinshi betten aytıladı. Lirik qaharman obrazında shayırdın` turmısqa bolg`an ha`r qıylı sezimleri, oyları su`wretlenedi.

Ha`r bir shıg`armada turmıstag`ı waqıyalardın` biriwine yamasa bir neshesine shayır o`zinin` qatnasın bildiredi.

Lirik qaharman shayırdın` ayırım shıg`armalarında ayırım adamlar atları menen de aytıladı. Biraq ol shıg`armalarında da ya bir jaqqa bas alıp xoshlasıp baratırg`an, adamlar arasındag`ı qatnas, yamasa o`zinin` ten`ine qosılmag`an adamnın` zarı, qullası, ja`miyetlik ten`sizliktin` saldarınan kelip shıqqan ayralıq da`rti ju`zege shıg`adı.

Abdullajan, sa`n`a atam ushirassa,
Ha`jiniyaz sa`lam dedi degeysen`,
Ko`zi yashlig`, mun`li annam ushirassa,
Ug`lin` ma`ndin sa`lam dedi degeysen`,

Ug`lin`izdin` ma`shaqqati ziyada,
A`linde tayaqi, o`zi piyada,
Ruwzi sha`p a`lmudam bolsun duwada,
Ug`lin`iz sa`lam dedi degeysen`.

(“Sa`lem degeysen”)

A`jiniyaz shayır shıg`armalarındag`ı lirik qaharmannın` obrazının` ja`ne bir belgisi - A`jiniyazdın` do`retiwshilik usıllarında ko`rinedi. Ol metafora, ten`ew, epitetlerdi, qullası, barlıq so`zlerdi sheber,orınlı qollanadı. Onın` barlıq shıg`armalarına ta`n qa`siyet – jaslıqtın` jalınlı sezimleri, ku`shi, g`ayratı, ma`rtligi, a`depliligi, o`z elin su`yiwi a`diwlenedi. Sonın` menen birge xosh kewillilik – turmıstın` shadlıg`ın an`saw, erkinlik, a`dillik, sap ha`m jalınlı muhabbat, doslıq, adamgershiliktin` joqarı printsipleri ortag`a qoyıladı.

Men keta`rma`n ko`zdin qanli Yash aqip,
Du`n`ya diyip jismim otlarg`a yaqip,

Da`smayasiz sa`rgizdana ilaqip,
Mehriban atamg`a salam degeysen`.

Shayır mine usı na`rselerdi xalıq arasına propagandalawshı boldı.

Belgili rus sınshısı Belinskiyde danalıq penen aytılg`an mınaday ga`p bar: «Shayırg`a mazmundı o`z xalqının` o`miri beredi». Sonday-aq Berdaq shayırg`a da jırlayjaq ideyaların o`z xalqının` o`miri berdi.

Berdaq shayır ja`miyet ta`g`diri haqqında uzaq oylanıwlarınan keyingi kelgen juwmag`ı bul en` a`dil, en` durıs jol ha`m ko`p da`wirlerden kiyatırg`an adamlıq da`stu`r, bul o`mirde xalıq ushın xızmet etiwden basqa a`diwli jol joq degen sheshimge kelgen edi. Bul sheshimi shayırdın` lirikalıq qosıqlarında o`z sa`wleleniwin taptı. Ol barlıq do`retiwshilik talantın, jigerin adamlarg`a, elge, xalıqqa xızmetetiwdi propagandalawg`a arnadı.

Shayır bul temag`a arnap o`zinin` «Xalıq ushın» degen ko`lemli qosıg`ın jazdı. Qosıq bir oqıp shıqqan adamg`a ku`ta` tu`siniklidey bolıp ko`rinedi. O`ytkeni, ondag`ı bar ga`p tek xalıq ushın etiwden ibarat dep oylaysan`. Bul bir jaqlama tu`sinik. Qosıq sırlı, mazmunlı shıg`arma.

Shınında biz qosıqtı bir oqıp shıqqanda onın` ideyalıq mazmunına g`ana tu`sinemiz. Qosıqtın` barlıq sırlarına birden tu`sine almaymız.

Berdaq shayırdın` bul qosıg`ı ko`lemi jag`ınan poemag`a barabar. Biraq poema emes. Bul lirikalıq qosıq. Bunday qosıqlar jazıw xalıq shayırlarının` ko`pshiliginde gezlesedi.

Shayır o`mirinde xarakterli bolg`an ha`diyselerdi onın` o`zine ta`n bolg`an tipik momentleri menen dizip, qayta-qayta xalıqqa tu`sindirip,

bul tuwralı birotala miynetkeshlerdin` ko`z aldına janlı mısallar menen da`lillep beredi.

Solay etip, umıtılmastay jag`day tuwdırıp ha`m ol haqqında birotala u`zil-kesil sheshimge keliw, elde, xalıqta onın` jaqsı – jamanı haqqında pikir tuwdırıw sheberlikti talap etetug`ın qubılıslardın` biri.

Qosıqta shayır ja`miyetti klasslarg`a bo`lip qaraydı. Xalıqqa dushpan kim, dos kim, olardın` bir-birinen parqı qanday, ha`r bir klasstın` maqseti qanday ekenligin xalıqqa tu`sindirip beredi.

«Dushpanlardı bul zamanda zor ettin`,
Sol sebepli bizlerdeydi xor ettin`,
Iyshanlardın` birazların urı ettin`,
Onın` zardapları zıyan xalıq ushın».-

A`jiniyaz shayırdın` o`z ja`miyetlik oy-pikirlerinde eziwshi klasslardın` tiykarg`ı maqsetlerine ko`zi anıq jetken adam ekenligi ko`rinedi. Shayır bul jerde «dushpanlar» dep eziwshi klass wa`killerin na`zerde tutıp otır. Bul qosıq qatarlarındag`ı basqa so`zlerdin` ha`mmesi de konkret ma`nisinde aytılg`an.

Berdaq shıg`armalarının` ko`pshiliginde lirikalıq su`wretlewler usınday jollar menen yag`nıy predmetti konkert su`wretlewler arqalı a`melge asırılg`an. Berdaq shayırda astarlı ma`nidegi lirikalar onsha ko`p emes. Bul onın` sawatsızlıg`ınan dep tu`sinbew kerek, a`lbette.

Ha`r bir da`wir turmıstın` barlıq tarawlarına tiygizip turatug`ın jan`alıqlarınday-aq, 1930-jılları a`debiyatqa da jan`a sıpatlardı alıp keldi. Al, usı ku`nlerde do`retilip atırg`an ko`rkem shıg`armalarda ideyalıq ko`rkemligi jag`ınan da, tematikalıq jag`ınan da usı jan`asıpatlardın` ja`ne de jetilisip atırg`anlıg`ı ayqın ko`rinedi.

Lirika ha`r dayım waqıttın` jan`alıqların tez sa`wlelendiriwi menen ajıralıp turadı. Onı a`debiyatımızdın` «jen`il kavaleriyası» dep esaplawg`a boladı. Sonlıqtan da a`debiyatımızdag`ı jan`a sıpatlar birinshi gezekte lirikada o`z sa`wlesin tabatug`ınlıg`ı ta`biyiy.

Bu`gingi ku`ni poeziyamız paxtakeshlerdin`, salıkeshlerdin`, sharwalarımızdın`, balıqshılarımızdın`, qullası xalıq xojalıg`ında islep atırg`an barlıq adamlarımızdın` oy-sezimlerin teren` ashıwı menen ajıralıp turadı. Lirika Orta Aziya xalıqları ushın en` bir a`hmiyetli ma`selelerdin` biri bolıp turg`an Aral problemasınan da o`zin shette tutpadı. Shayırlarımız en` o`tkir lirikaların usı problemag`a bag`darlamaqta.

Oqıwshının` ju`regin terbetpeytug`ın, onda sezim oyatpaytug`ın, o`mir poeziyasın teren` sezbey turıp jazılg`an qosıqlar a`debiyat saxnasınan tu`sip baratır.

Solay da bolsa elege deyin ko`rkemligi jag`ınan to`men jazılg`an lirikalar ushırasıp turatug`ınlıg`ın da biykarlay almaymız.

Qalay degen menen de oqıwshının` ju`regine jetip barıw ushın shayır da so`zdi shın ju`reginen shıg`arıwı da`rkar. Olay bolmag`an jag`dayda onın` do`retpesin hesh kim oqımaytug`ınlıg`ı da sır emes.

A`sirese, ha`zirgi da`wirde burıng`ı shıg`armalarg`a eliklep jazılg`an ha`m miynet adamlarına «isley ber», «ja`ne miynet ete ber» degennen basqa hesh na`rse ayta almaytug`ın qosıqlardan oqıwshılar a`lle qashan-aq biyzar bolg`an.

Shıg`ıs klassikalıq poeziyasındag`ı, qaraqalpaq fol`klorındag`ı, klassikalıq a`debiyatımızdag`ı ha`m qaraqalpaq poeziyasındag`ı lirikalıq su`wretlewler ha`zirgi da`wirdegi qaraqalpaq prozasına da o`tti. T.Qayıpbergenovtın` do`retiwshiliginen ayqın ko`riwge boladı. «Suwıq tamshı» povestindegi Kamal obrazın do`retiwdegi lirizmdi, «Uyqısız

tu`nler» povestindegi atasın izlegen Gulzardı, turmıstın` ju`da` ashshı za`ha`rin ko`rgen Jumaguldi, Jiyemurattı, qaraqalpaqlar tariyxının` a`debiy obrazı bolg`an Maman, Aydos, Ernazarlardın` obrazlarında tolıg`ı menen lirikalıq ku`shli.

## II Bap. **A`JINIYaZ QOSIBAY ULI DO`RETIWShILIGINDE LIRIZM**

A`jiniyaz Qosıbay ulının` grajdanlıq lirikasının` sanı jag`ınan onsha ko`p bolmasa da shıg`armalarındag`ı «Watanshıllıg`ı menen gumanistligi onı o`z zamanları arasında bir to`be etip ko`rsetip turadı». A`jiniyaz shayındın` «Ellerim bardı» degen bir qosıg`ının` o`zi-aq usı aytılg`an pikirdi da`lillep turg`anday. Bul qosıq mazmunı boyınsha da, waqıyalardın` bayanlanıwı boyınsha da epikalıq shıg`armanı eske tu`siredi. Biraq shayırdın`:

Jilwa taslap ha`rne barin saz etken,
Jigitlerdin` kewlin ba`ha`r jaz etken,
Qasin qag`ip jilwa` bila`n naz etken,
Bag`lardin` ishinde qizlari bardi.

«Men bu`yerde ju`rgen ishi za`rdeli,
El-jurttı ko`rmegen ag`ır derdeli,
Kewlimnin` xoshı joq men ha`m bir da`rtli,
Aytsam ishte tolg`an ha`diysim bardı»[1]

degen qatarların oqıp otırıp qosıqtın` bastan aqırına deyin shayırdın` ishki zerdesi, tuwg`an jerine, el-jurtına bolg`an sag`ınıshı ekenligin tu`sinesen`.

Qosıqtag`ı shayırdın` eli-xalqın, ol jerdegi ma`rt jigitlerdi, «La`yli-Zulayxaday» qızların, jawırını qaqpaqtay malların, ko`lindegi ha`r tu`rli

[1] A`jiniyaz. Qaraqalpaqstan» baspası, No`kis-1975. 34-bet.
Eskertiw: Kelesi mısallar usı kitaptan alınadı.

quslardı, mazalı qawınlardı, ha`tteki su`tilmegine shekem (Jılına miywelep u`sh ret pisken, Atı su`tilmektey jemisim bardı) ju`rek to`rinen shıqqan teren` sag`ınıshı menen jırlag`an qatarlardı oqıg`anda Watang`a bolg`an su`yispenshilik sezimleri ja`ne de teren`lesedi.

A`jiniyazdın` «Kerek» qosıg`ının` da`slepki eki kupletinin` didaktikalıq xarakterge iye ekenligine haqıyqatınan kelgende hesh qanday da gu`man tuwdıra almaysan`. Biraq u`shinshi kupletinde qosıqtın` mazmunı o`zgere baslaydı. Al, jetinshi kupletinde bolsa shayırdın` aytajaq oyının` pu`tkilley o`zgerip ketkenligin ko`remiz.

Qumartıp tegin aqshag`a,
Adamdı ko`mip paqshag`a,
Xalıqtı sorag`an patshag`a,
Ku`nde-ku`nde urıs kerek.

Sorli puxara xaliqqa,
Qol sozip ba`rha` jariqqa,
Ko`nbey birneshe saliqqa,
Jaynap jasnar zaman kerek.

Sol da`wirdin` en` jaman islerinin` biri adamdı qosqa qosqan. Al, A`jiniyazdın` usı so`z etip otırg`an shıg`armasında adamlardı ılaydan islenip atırg`an paqsag`a ko`miwdin` orın alg`anlıg`ın, patshanın` niyeti mudamı urıs ekenligin durıs ko`rsetedi. Bul ha`diyseler tariyxtan da belgili.

A`jiniyaz shıg`armalarının` bahalıg`ı da sonda, ol miynetkesh xalıqtın` turmısına zıyan beretug`ın ha`diyselerdi tartınbastan a`shkaraladı.

Sorli puxara xaliqqa,
Qol sozip ba`rha` jariqqa,
Ko`nbey birneshe saliqqa,
Jaynap jasnar zaman kerek.

Shad bolip da`wran su`riwge
Payanli du`n`ya ko`riwge,
Qatar qurbi menen ju`riwge,
A`jiniyazg`a zaman kerek.-

Degen qatarlarda shayırdın` zamang`a bolg`an ku`shli narazılıg`ı jazılg`an. Ja`ne de shayır ta`repinen qollang`an «qol sozıp ba`rha jarıqqa» epitetinin` de orınlı qollanılg`anın este saqlaw kerek. Bul sol da`wirdin` adamlarının` barlıq ha`reketin, maqseti, oyların anıq tu`sindirip tur. Sebebi, XIX a`sirde jasag`an shayırlardın` do`retiwshiliginde sol da`wirdin` zulımlıqların «qara duman», «qara bult», «zulmat», adamnın` aldı-artın biyik jarg`a ten`ew – ayrıqsha orın aldı.

Mine, bul jerde A`jiniyaz da joqarıda keltirilgen qatar arqalı sol duman arasınan puxara xalıqtın` jarıqqa qol sozıwın, jarıqqa bolg`anda qa`dimgi Quyashtın` nurına emes erkinlikti, azatlıqtı, ten`likti an`sawın yag`nıy ha`zirgidey baxıtlı zamandı a`rman etiwin astarlı ma`nide jetkerip otır. Bunday usıl «Ashıp edin` quwsırılg`an jag`ımdı» bolıp Abbaz shayırdın` shıg`armalarına o`tti. Sonday – aq basqa da shayırlarımız bul usıldan orınlı jerlerinde paydalanıp kelmekte.

Xorezm oypatında jasawshı xalıqlar tariyxındag`ı iri waqıyalardın` biri bolg`an 1858-1859- jıllardag`ı Qon`ırat ko`terilisi ha`m usının` menen qabatlasa ju`z bergen «Bozataw» waqıyası. Bul waqıyalar

A`jiniyazdın` o`mir ta`g`dirinde, shayırlıq jolında u`lken burılıs jasadı. So`z bolıp otırg`an waqıyalar tariyxshı ha`m a`debiyatshı ilimpazlarımız ta`repinen og`ada ko`p jazılıp ta atır. Xalıq qayg`ısı A`jiniyazdın` ataqlı «Bozataw» shıg`armasın ju`zege keltirdi.

Elden, jerden, «ko`zi kunqarıdan» ayrılıp at ho`kimine tu`sken xalıqtın` ju`rek mun`ın sonshelli teren` lirizm menen su`wretlewshi bul shıg`arma haqqında akademik M.Nurmuxamedov: «A`jiniyaz o`zininn` ha`mmege ma`lim bolg`an «Bozataw» poemasında 1858-1859 jıllardag`ı Xiywa xanlıg`ına qarsı en` u`lken ko`terilisti basıwdag`ı jawızlıq ha`m zorlıqtın`, xalıqtın` posıwın, ko`terilisshilerdi qullıqqa ha`m tutqıng`a alıw, sonday-aq tuwıp o`sken eldi taslap keter aldındag`ı waqıya su`wretlenedi,»[1] -dep jazg`an edi.

Poema jawgershilikten keyin A`jiniyaz shayırdın` tuwılg`an ma`kanı menen xoshlasıwınan baslanadı. Men jerimnen ayrılsam sen elin`nen, xalqın`nan ayrıldın`, sonlıqtan ekewimizde ko`z jaslarımızdı to`gip xoshlasamız deydi shayır «Bozataw»g`a qarata. (Va`selen: Xoshlasalı qara ko`zge yash alıp).

A`jiniyaz shayır poemanı do`retiwde Shıg`ıs xalıqlarının` poeziyasına ta`n bolg`an filosofiyalıq, didaktikalıq usılların orınlı jerlerinde paydalanıp otırg`an. Ma`selen, poemanın` ekinshi kupletinde:

Jer ha`m el bila`ndur, el ha`m jer bila`n,
Jersiz eldin` ku`ni da`rbe-der bila`n,
O`miri o`ter ju`rektegi Sher Sher bilen,
Qa`dirin` senin` bizge o`tti Bozataw.

A`jiniyaz shayır ta`repinen shıg`arılg`an filosofiyalıq oy juwmag`ı. keltirilgen qatarlar arqalı shayır elsiz jer jetim, jersiz el jetimligin aytıp

[1] M.Nurmuxamedov. Shıg`armalarının` eki tomlıg`ı, 1-tom, No`kis, «Qaraqalpaqstan» baspası, 1983, 270-bet.

tur. Solay etip, bul jerde o`zinin` joqarıdag`ı «Bozataw»g`a qarata xoshlasıw aytqanlıg`ın ja`ne de aydınlastıradı. Shıg`armanın` u`shinshi kupletine kelip shayır lirikalıq sheginis jasaydı:

Yoq edim, bar boldım, kamala keldim,
Minip a`rebi atlar, da`wranlar su`rdim,
Nanin`di ko`p jedim, ra`ha`tin ko`rdim,
Xosh Aman bol bizden qaldin` Bozataw,

dep o`zinin` jaslıq da`wirin esleydi. O`zin tuwg`an jerden ayırg`an dushpan ekenligin aytadı.

Poemadag`ı mına qatarlarg`a itibar berip ko`reyik:

Sen bag` edin`, bu`lbil ushtı zag` qaldı,
Pu`tkil siynem jandı, ishte dag` qaldı.
Qiysiq Porqan ataw seni jaw aldi,
Basi qutli son`i wayran Bozataw.

Bul jerde «sen bag` edin`» degende shayır «Bozataw»da alma, ju`zim pisip, jerge tu`sip atırmasa da bul ma`kandag`ı paraxatshılıq o`mirdin` o`zi sol bag`dan da qımbatlı edi demekshi.

Eger de «Bozataw» xalqının` ha`mmesi derlik at ho`kiminetu`spegenligin esapqa alsaq, («Bozataw» waqıyasında satqınlardın` da qolı bar, sol jerde jasaytug`ın-aq birewler dushpanlarg`a da`rwazanı ashıp bergen) onda shayırdın` «bu`lbil ushtı zag` qaldı» dew arqalı ne aytpaqshı bolıp atırg`anlıg`ın anıqlaw onsha qıyın emes. «Bozataw»dan ushıp ketken bu`lbiller tuwg`an jeri, eli-xalqı ushın ayanbay gu`res ju`rgizgen azamat erler.

En` aldı menen solar at aldına tu`sti. Olardın` bala-shag`alarına deyin tu`rli ellerge satıp jiberildi. Al, o`z Watanın satqan satqınlar g`arg`alarday bolıp (zag`) sol jerde qaldı. Bunı shayır teren` astarlı ma`nide metaforalıq usıl menen jetkizip otır.

«Pu`tkil siynem jandı, ishte dag` qaldı» - tuwg`an jerge bolg`an muxabbatı, tuwg`an jer menen bolg`an ayralıqtı usı qatarlardan ku`shli etip jetkere biliw so`z ustalarının` qaysısına bolsa da an`sat emes shıg`ar. Bul qatar tallap tu`sindirip otırıwdı onsha kerek te etpes dep oylaymız. Bul jerde siyneni dene, dag`dın` da`rt degen so`zler ekenligin biliwdin` o`zi jetkilikli.

A`jiniyaz shayır qanshama qayg`ılı waqıyalar ju`z berse de go`zzallıqtı – o`z elinin` qızlarının` go`zzallıg`ın jırlawdan tartınbaydı.

Ulıwma go`zzallıqtı jırlaw A`jiniyaz shıg`armalarının` leytmotivi.

Qara ko`z, qipsha belqiz Bilan jawan,
Yu`zlerigu`l kibi, ko`zleri ma`stan,
Quda a`mri bila`n bardilar balqan,
Da`wlet qushi sendin ushti Bozataw.

Kirpigi-oq, anın` qashları kaman,
Yuzleri – qırmızı hurshiydi taban,
La`yli – Zulayhadek ne go`zzal ja`nan
A`sir bolip qolg`a tu`shti Bozataw.

«Bozataw»g`a basıp kirgen dushpanlardın` xalıqqa hesh qanday da miyrimi tu`speydi. Qarsılasqanlardı atadı, shabadı. Aqırı, jaw ku`shi jag`ınan da bozatawlılardan anag`urlım bası medi. Xalıqtın` o`zlerin de,

malların da aydap ketedi. Bul waqıyalardı ko`rip turıp shayır ju`regi qalayınsha shıday alar edi?!

A`lbette, shıday almadı. Eli-xalqın ayadı. «Ju`rek bawırı g`amnın` otına pisti». Degen menen A`jiniyaz shayırdın` da qolınan jawdı na`letlewden basqa hesh na`rse de kelmes edi. Onın` da qollarında kisen, at aldına tu`sip aydawda baratır. (Ko`zim yashlı men ketermen sharam yoq).

Qon`ırat ko`terilisinen keyin tariyxtan belgili bolg`anınday-aq bul jerge Muxammed Pana xan boladı. Biraq, ol jergilikli xalıqtın` xanlıqtı qorg`ay almaytug`ınlıg`ına isenbey tu`rkmen sa`rdarların xanlıqtı qorg`aw ushın a`kelip qoyadı. Bul haqqında mınaday tariyxıy mag`lıwmatlar bar: «Qon`ıratta ornasıp alıp, tu`rkmen feodalları, A.I.Butakovtın` aytqanlarına qarag`anda o`z bildiginshe ha`reket ete baslag`an». «Olar emin-erkin xalıqtın` mal-mu`lkin, ha`tte hayalları menen qızlarında tartıp alg`an. Muxammed Fenanın` tu`rkmen feodallarına to`leytug`ın aqshası bolmag`anlıqtan, olarg`a belgili mug`darda u`y belgilep berip, usı u`yler olarg`a ha`r bir atlıg`a ku`nine eki gu`mis ten`geden ha`m ha`r bir at basına eki gu`mis ten`geden to`lewi tiyis bolg`an. Xan tu`rkmen feodallarına qarsılıq ko`rsetken adamlardı qatan` tu`rde jazalag`an»[1].

A`lbette, bul zorlıqqa shıdamag`an ayırım biyler bug`an narazılıq bildirgen. Olar Qon`ırattı taslap ko`ship ketken. Panaxan burın aytqanın tın`lamay ju`rgen biyler basshılıq etken awıllardı da, Qon`ırattan qashıp ketkenlerdi de tu`rkmen feodallarına ayamay shaptırg`an. A`jiniyaz shayırdın`:

Ta`g`dir Alladandur, sebep Qon`ırattan,
Biyra`him Seyilxan degen elattan.

[1] Qaraqalpaqstan tariyxı. Eki tomlıq, 1-tom, «Qaraqalpaqstan» baspası, No`kis – 1975, 236-bet.

Ayra tu`shtin` ashamayli-qiyattan,
Elatsiz, jaylawsiz qaldin`, Bozataw.

dep jazıwı da sonlıqtan. Shıg`armada:

Qala bası boldın` sen molla Pirim,
O`zin` ta`lip ilim, kewlin`de kirin`,
Qon`ırat balan`dı alsa, ol ha`m o`z birin`
Xosh Aman bol, bizden qaldin` Bozataw.

Bul haqqında B.Ismaylov: A`jiniyaz molla Pirimdi «kewlin`de kirin`» dep qaralap atırg`an joq. Tilimizde bul so`z qayg`ı, uwayım degen ma`nisti de an`latadı.

Molla Pirimge A`jiniyaz kewlin`de qayg`ın` bar dep atır deydi. Bul qatarlar haqqında B. Qa`limbetov: «…A`jiniyazdın` «Qon`ırat balan`dı alsa ol ha`m o`z birin`» degen so`zleri menen «Awa mag`an, qalay to`legenin`izdin` ne keregi bar. Bala-shag`an`dı satın`.

-Balalarımızdı qalay satamız?» degen… tariyxıy faktler menen say keledi»[1], dep jazadı.

Ilimpazdın` pikirinshe Qon`ırat xanlıg`ı jas balalardı alg`an ba eken sonda? I. Yusupov penen Q. Bayniyazov bul qatarlar haqqında: «…ko`regen shayırdın` kewlindegi ashıw ızadan shıqqan giyneli so`zi edi» dep jazadı.

A`lbette biz de B.Ismaylovtın` aytqan «kewlin`de kirin`» degen so`zdin` qayg`ı, uwayım degen ma`nilerdi an`latatug`ınlıg`ına gu`manlanbaymız. Solay bola tursa da mına ha`diyselerge teren`irek na`zer taslap ko`reyik.

---

[1] B. Qa`limbetov. A`jiniyazdın` lirikası. «Qaraqalpaqstan» baspası, No`kis-1981, 14-bet.

Tariyxıy faktlerdin` ko`rsetkenindey-aq xalıq Qon`ırattan taray baslaydı. Sonday-aq «Bozataw»g`a da ko`p xalıq ko`ship kelgen bolıwı itimal. Biraq ko`pshilik ilimpazlardın` aytıp ju`rgenindey A`jiniyaz benen Molla Pirim bizin` pikirimizshe Qon`ırattan «Bozataw»g`a ko`ship barmag`an. Pikirimizdi da`lillew ushın shayırdın` o`zin tın`lap ko`remiz:

Yoq edim, bar boldım, kamalg`a keldim,
Minip a`rebi atlar, da`wranlar su`rdim,
Nanın`dı ko`p jedim, ra`ha`tin ko`rdim,
Xosh aman bol bizden qaldın` Bozataw.

A`jiniyaz shayır Qon`ırattan ko`ship barıp «Bozataw»da waqıtsha jasag`anda bulayınsha tolg`anbag`an da bolar edi. Molla Pirimge keletug`ın bolsaq, Panaxannın` tariyxıy faktlerdegi o`z xalqına isenbewinde bir sır barg`a uqsaydı. Ne sebep isenbeydi? Bizin` oyımızsha Panaxan bolajaq xanlıqtı qorg`aw ushın a`lbette elden no`ker jıynag`an bolsa kerek. Bunısız xanlıq du`ziw mu`mkin de emes. Biraq, ayırım biyler bul na`rsege isenimsizlik penen qarag`an. Onın` u`stine Butakovtın` jazbalarında Panaxan barıp turg`an uyan`, ilajsız bir adam bolıp ko`rinedi.[1]

Solay etip, biyler no`ker beriwden bas tartıwı a`bden mu`mkin na`rse. Usınday biylerdin` biri Pirim bolg`an. Sonlıqtan da Panaxan tu`rkmen feodallarınan ja`rdem sorawg`a ma`jbu`r edi. O`z xalqına emes, tu`rkmen xanı Atamuratqa isengen, biraq ba`ribir u`miti aqlanbag`an.

---

[1] Qaraqalpaqstan tariyxı, Eki tomlıq, 1-tom, «Qaraqalpaqstan» baspası, No`kis-1975, 239-bet.

Qaraqalpaq biylerinin` bunday ala awızlıg`ı tariyxtan da belgili. Ja`ne de Panaxannın` qa`teligi sonda, joqarıda aytıp o`tkenimizdey «Bozataw»dı tu`rkmen sardarlarına shaptırg`an. Aqıbetinde joqarıdag`ıday tragediya ju`z berdi. Keyin Atamurat xan bolsa anglichan kolonizatorlarının` tiline erip, Qon`ıratqa kelgen rus flotiliyasının` kapitanı Butakov penen so`ylesik ju`rgiziwden bas tartadı.

Al, Panaxan bolsa o`zinshe hesh na`rse de isley almaydı. Mine, usı ha`diyselerge o`kingen shayır aqıllılıq penen, «№on`ırat balan`dı alsa ol ha`m o`z birin` edi g`oy», degende jas balalardı emes, eldin` er jetken jigitlerin na`zerde tutqan bolsa itimal.

Aqırında biz bul qatarlardın` shayır ta`repinen molla Pirimge qarata aytılg`an haqıyqattan da giyneli so`zi ekenligin an`laymız. Son`ın ala shayır Panaxannın` kemshiligin:

Qasqaldaqqa bir ag`arı may pitse,
G'arqıldasıp qonar ko`lin tanımas,
Patshanın` da`wleti qaytayın dese,
Ko`zine may pitip elin tanımas,-

degen qatarlar arqalı aytadı.

Bizin`she bul qosıq ele de tolıq emes. Shıg`armanın` aqırında aydawda ketip baratırg`an adamlardın` tuwg`an jerine qaytıp keletug`ınlıg`ı haqqında aytıladı. Sonday-aq tuwg`an jerinen ayrılg`an «ko`zi jaslı» adamnın` kelbeti ja`ne de ko`z aldına elesleydi. Shıg`armada ku`shli su`wretlew qualların iske salıw menen birge shayır lirik qaharmandı basqa na`rselerden go`re ajıratıp ko`rsetedi. Bul jag`day onın` ruwxıy du`n`yasının` baylıg`ın beriwde, haqıyqatlıqtın`

tek baqlawshısı bolıp qalmay, tikkeley qatnasıwshısı, jan endiriwshisi ekenligin de anıqlap beredi.

Poema  shayırdın` nag`ız kewil keshirmeleri menen jazılg`an. Sonın` ushın  da shıg`arma adamg`a og`ada ku`shli ta`sir etedi. Bunday ku`shli lirizm  shayırdın` tek «Bozataw» poemasına g`ana emes, derlik gu`lla`n shıg`armalarına  ta`n na`rse dese boladı.

Ulıwma aytqanda «Shıg`armanı oqıg`an ha`m tın`lag`an adamg`a xalıqtın` tuwılg`an jeri menen xoshlasıp, joqlaw aytqan zarlı sesi qulaqqa esitilgendey boladı».[1]

A`jiniyazdın` qısqa g`ana jazılg`an, segiz kuplet «Da`wran bolmadı» degen qosıg`ın dıqqat penen oqısaq, usı shıg`armasında onın` pu`tkil o`miri o`z sa`wleleniwin tapqanday.

Ja`ne de bir ayta ketetug`ın na`rse, shayır bul qosıg`ında so`zdin` sırtqı sulıwlıg`ının` da, ishki mazmunının` da og`ada teren`ine u`n`ile qarag`an. Qa`ne, qosıqtı bastan baslap oqıp ko`reyik:

Sa`nemler qolında tilla` saz edim,
Ha`wijge keltirer ja`nan bolmadı,
Tug`rımda talpıng`an alg`ır baz edim,
Qa`lpe sayyadlarım maman bolmadı.

O`mir berse ishi-tisi a`rmanli,
Ne da`rkar su`rmesen` besh ku`n da`wrandi,
Sho`llerde yu`girga`n ahiya-ja`yrandi,
Sayad alg`an Shelli da`wran bolmadi.

---

[1] I.Sag`ıtov.A`jiniyaz qaraqalpaq a`debiyatının` maqtanıshı. A`jiniyaz, «Qaraqalpaqstan» baspası, No`kis-1975, 25-bet.

Qaraqalpaq klassik shayırlarının` ishinde o`zin alg`ır qusqa, bu`lbilge ten`ew gezlesip turadı. Ma`selen, Berdaq shayır da «Bu`lbil boldım, sayramadım» ha`m tag`ı basqa usı qusag`an qatarlar gezlesedi.

A`jiniyaz bul jerde keltirilgen qatarlar arqalı mende oylar, a`rmanlar ko`p edi. Solardı iske asırıw ushın qanshama alg`a talpındım. Biraq, meni qollap quwatlaytug`ın da, aqıl ken`es beretug`ın da hesh bir adam bolmadı deydi.

A`lip qa`ddim daldek bolıp bu`kildi,
Ko`zlerimnen qanlı yashım to`kildi,
Jol boyına u`ygen hasıl yukimdi,
Bazarg`a elitkendey ka`rwan bolmadı.

Arap ha`ripleri bolg`an «alip» penen «dal»dın` qanday ekenligin A`jiniyaz do`retiwshiligi haqqında pikir ju`ritken ilimpazlar anıq etip tu`sindirgen. Sonlıqtan biz onı ja`ne de qaytalap otırmaqshı emespiz. №osıqtın` u`shinshi ha`m to`rtinshi qatarlarına keleyik.

Shayırdın` «jol boyına  u`ygen hasıl ju`gin» biz onın` artına qaldırıp ketken o`lmes shıg`armaları dep tu`sinemiz. Durıs, A`jiniyaz og`ada sawatlı, ha`r bir so`zge teren` ma`ni ju`klep jazatug`ın shayır boldı.

Degen menen onın` ayırım «Bozataw», «Ellerim bardı» sıyaqlı qosıqları bolmasa ko`pshiligi Berdaq shıg`armalarınday bolıp xalıq massasına ken`nen taramadı. Bunın` ma`nisi onın` qosıqlarının` ko`pshiliginin` arap, parsı so`zleri aralastırılıp, eski o`zbek tilinde yag`nıy kitabiy til menen jazılıwında boldı.

A`sirese, shayırdın` biz ha`zir tallap otırg`an «Da`wran bolmadı» qosıg`ı motivinde astarlı ma`nide jazılg`an qosıqların sol da`wirdegi

sawatsız miynetkesh xalıqtın` tu`siniwi og`ada qıyın edi. Usını sezgen shayır «Menin` hasıl ju`gimdi bazarg`a elitkendey ka`rwan bolmadı» yamasa menin` jazg`anlarımdı tu`sinip oqıp xalıqqa jetkeretug`ın da adam bolmadı-aw dep ah uradı.

Durıs, shayır jasag`an zamanda medrese pitkergen ayırım sawatlı adamlar da joq emes edi. Biraq olar tek dindi propagandalaw menen g`ana shug`ıllanadı. Shayırshılıqtı shaytannın` isi dep tu`sinedi. Solay etip bul din iyeleri shayırlardı jek ko`redi. Usının` sebebinen de olar shayırdın` qosıqların ken` xalıq massasına propagandalag`an joq.

Da`rek yoq ushırg`an quba qushımnan,
Bazarım tarqadı erte peshinnen,
Ka`rwan o`tken waqta menin` tushımnan,
Ko`n`il mu`lkim jolg`a a`njam bolmadı.

Sirim pash etmedim ha`rgiz hesh kimge,
Sita`mka`r a`yledim jang`a besh ku`nde,
Gu`zar da`rbentine qurg`an ko`shkimde,
Da`rtimdi da`rtleser ha`mdam bolmadi.

B. Qa`limbetov keltirilgen kuplet haqqında pikir ju`rite otırıp: «Bul jerde shayır Ernazar alako`z baslag`an ko`terilisi, sıyaqlı ko`terilislerdin` na`tiyjesiz pitkenin ko`zde tutıp otır»[1] deydi. Bizin`she, B.Qa`limbetovtın` bul pikiri bir jaqlama ha`m u`stirtin bolıp ko`rinedi. «Da`rek yoq ushırg`an quba qushımnan» degen qatardı alıp ko`reyik. Bul qatar arqalı shayır ne demekshi eken?

[1] B. Qa`limbetov. A`jiniyazdın` lirikası. «Qaraqalpaqstan» baspası, N5kis-1981, 24-bet.

A`jiniyaz shıg`armalarının` (1979-jılg`ı toplamının`) so`z basında jazılg`an mınaday ga`pler bar:

«Xalıq awzınan jazıp alıng`an mag`lıwmatlarg`a qarag`anda bozatawlılardın` ishinde shayır da ketken… mol olja menen qaytqan jaw №uba tawda tu`nep shag`al-ma`slik quradı. Ha`m sonda A`jiniyazdın` qolına duwtar berip onı tan` atqansha aytqızg`an.

A`jiniyazdın` xosh hawazına, shayırshılıg`ına, Maqtımqulını biliwine ta`siyin qalg`an jaw sa`rdarı shayırdı at-ton sarpaylap taslap ketedi. Biraq A`jiniyaz elge qaytpay, aydalıp ketken xalqın, jaw qolında ketken o`z yarın joqlap olarg`a erip ketken desedi…»[1]

Sonday-aq shayırdın` o`z yarın izlegenligin onın` «Quba qush» qosıg`ı da tastıyıqlap turg`anday.

Sen bir qustin` alg`ir bazi,
Yolda qaldi ma`lla tazi,
Men ku`ta`rma`n qishiw-yazi,
Kel-ha quw-quw quba qush.

Seni kuwdı sum qara qush,
Qutılay desen`, bir elge tush,
El tappasan` bermag`an ush,
Kel-ha quw-quw quba qush.

A`jiniyaz shayırdın` aytıp turg`anı haqıyqıy qus emesligi o`z-o`zinen tu`sinikli. «Seni quwdı sum qara qush» dep shayır jaw qolında aydalıp ketken o`z yarın na`zerde tutıp otırg`an bolıwı itimal. Bizin` bul

---

[1] I.Yusupov. «Dala Orfeyi» A`jiniyaz. Qaraqalpaqctan» baspası, N5kis-1975, 10-bet.

pikirimiz shayırdın` «Ag`alar bir qus qashırdım» degen qosıg`ında ja`ne de ayqınlasadı. Qosıqta to`mendegidey qatarlar bar:

Ag`alar bir qus qashırdım,
Qus ishire anın` ten`i yoq,
…Bul qustan basqa Ziywardın`,
Na`mdam ulpeti yarı yoq,

A`jiniyaz shayırdın` «Xabarın sorayın dildardın` kimdin» degen qosıg`ı ja`ne bar. «Shıqtı jan» qosıg`ında: «Tappadım maxbubımnı, gezip ja`handı hesh xabar» degen qatar gezlesedi. Ulıwma bul qosıg`ında da shayır yarın izlep tu`rli ellerdi gezgenligin aytadı. Sonday-aq, I.Yusupovtın` A`jiniyazdı Orfeyge ten`ewi de tosınnan bolg`an na`rse emes shıg`ar?! Bulardın` ha`mmesi bizdi «Da`rek yoq ushırg`an quba qushımnan» degen qatarda da shayır o`z yarın na`zerde tutıp otır dep pikir ju`ritiwge alıp keledi.

«Bazarım tarqadı erte peshinnen» deydi. Bazarı nege erteden tarqag`an? Bunın` ma`nisine tu`siniw ushın ja`ne shayırdın` qosıqların birim-birim ko`zden o`tkere baslaymız. «Ko`zlerim» degen qosıg`ında mınaday qatarlar bar:

Ekkisi kem ellige kelip qayttı ıg`balım menin`,
A`lwadag`lap kettin` mennen ha`rne barım, ko`zlerim.

Bul jerde «a`lwadag`lap» so`zi xosh aytısıp degen ma`nini an`latadı. Shayırdın` aytıwı boyınsha qırıq segiz jasında ko`zli bolıp qalg`an. Bunın` u`stine shayır o`mirinde ju`z bergen qayg`ılı waqıyalardı, zaman qısletlerin qossaq, mine bulardın` ha`mmesi shayırdın` «bazarının` erte tarqawına» sebep boldı.

B. Qa`limbetovtın` joqarıdag`ı pikiri keltirilgen kupletinin` son`g`ı eki qatarına tiykarlanıp aytılg`an bolıwı itimal. Biraq teren`irek oylanın`qırap qarayıq. №anday ka`rwan eken shayırdın` tusınan o`tip ju`rgen? Qaraqalpaqlardın` Rossiyag`a qosılıwı A`jiniyaz jasag`an da`wirge tuwrı kelmey me? Biraq shayır jasap atırg`an A`miwda`r`yanın` shep jag`alıg`ı Xiywa xanlıg`ının` qol astında qalıp qoydı. Ka`rwan onın` tusınan o`tip ketti. Shayır bul jerde ba`lkim usı ka`rwandı na`zerde tutqan shıg`ar? Bul waqta shayır qırıq tog`ız jasında edi, yag`nıy ko`zli bolg`anınan bir jıl keyin. Rus xalqınan burınnan xabarı bar A`jiniyaz («Shıqtı jan» qosıg`ın oqıp ko`rin`iz) sol jag`alıqtın` Rossiyag`a qosılmay qalg`anlıg`ına ha`m o`zinin` «ko`n`il mu`lki jolg`a a`njam bolmay» qalıp, bul iske aralasa almag`anlıg`ına qattı o`kinedi. Al, Ernazar alako`z baslag`an ko`terilistin` tusında shayırdın` ko`n`il mu`lki jolg`an a`njam edi. «Ko`zlerim» qosıg`ında «Jigirma bes otızımda so`zler ayttım saz etip» deydi. Ko`terilis bolg`an jılı A`jiniyaz otızdan sa`l g`ana o`tip baratırg`an jas jigit edi.

Sirim pash etmedim ha`rgiz hesh kimge,
Sita`mka`r a`yledim jang`a besh ku`nde,
Gu`zar da`rbentine qurg`an ko`shkimde,
Da`rtimdi da`rtleser ha`mdam bolmadi.

Du`n`ya bir ko`rsetip La`yli jamalin,
Aldi ketti pikri zikri qiyalim,
Qırman tayar waqta bermey shamalın,
Shamal berse, atar qırman bolmadı.

Bizin`she B. Qa`limbetovtın` aytqan joqarıdıg`ı pikirin usı qatarlarg`a paydalanıwg`a boladı. «Qırman tayar waqta bermey shamalın» degende shayır bizin` boljawımızsha Aydos biy, Ernazar alako`z baslag`an ha`m Qon`ırat ko`terilislerinin` na`tiyjesiz tamamlang`anlıg`ın aytıp otırg`an bolsa kerek. Bul ko`terilislerdi qollap-quwatlawshı ku`sh bolmadı, shamal hesh jaqtan espedi deydi. Ku`sh kelip edi (shamal berse) elde bas ko`tergendey, sog`an u`n qosqanday Ernazar alako`z usag`an er azamatlar aramızdan shıqpadı dep nalınadı. Ku`sh kelip edi dep bul jerde ja`ne shayır qaraqalpaq xalqının` Rossiyag`a qosılıwın na`zerde tutadı a`lbette. Biraq shayır jasap turg`an territoriyanın` Xiywa xanlıg`ının` qol astında qalg`anlıg`ı belgili .

Mende Uatan boldı elatsız qalg`an,
Bag`larınan bu`lbil ushıp zag` qong`an,
Ziywar dep du`n`yag`a kelgenim jalg`an,
Mende bir biyqayg`ı zaman bolmadı.

Keltirilgen kuplettin` da`slepki eki qatarı arqalı shayır «Bozataw» waqıyasına qabırg`ası qayısıp, gu`n`irenedi. Al, son`g`ı eki qatarında bolsa, menin` o`mirim mudamı qayg`ı-uwayım menen o`tti. *esh waqta bir shadlanıp ju`re almadım, sonlıqtan menin` bul du`n`yag`a kelmegenim jaqsı edi dep nalınadı.

A`jiniyaz shayırdın` o`mirinin` aqırına taman jazg`an bul «Da`wran bolmadı» qosıg`ın onın` do`retiwshiliginin` sharıqlaw shın`ı dewge boladı. Qosıqtın` bul shıng`a ko`teriliwinin` sebebi ko`zli bolıp qalg`an shayırdın` zamang`a bolg`an nalasının` ju`rek to`rinen qaynawıtlap sırtqa marjanday dizilip shıg`ıp, qosıq qatarlarına aylanıwınan bolsa kerek.

A`jiniyazdın` ashıqlıq motivine jazg`an en` jaqsı qosıqlarında insannın` jaslıq ju`rek sezimlerin, a`rman qıyalların su`wretlewi og`ada ko`rkem keledi. «Bozatawlı na`zelim» qosıg`ındag`ı mına qatarlarg`a bir na`zer awdarıp ko`reyik :

Bozatawlı gu`lbina`psha na`zelim,
A`selin` ha`rreni gu`lden bezdirer,
Kirpiklerin su`zip baqqan na`zerin`,
Juldızdı jawratıp tu`nnen bezdirer.

A`jiniyaz su`wretlegen sulıwdın` la`binin` palı gu`lden pal jıynap ju`rgen ha`rreni gu`linen bezdirse, al, en` sulıw dep qızlardın` ko`zin ten`ep ju`rgen juldızlarımızdın` o`zi bul sulıwdın` ko`zin ko`rgende tu`ninen bezse, onda bul qanday sulıw boldı eken? Ta`riplewge til jetpes bir arıw da`A` Sonlıqtan shayırdın` o`zi de bul sulıwdın` kiygen kiyimin, ju`ris-turısın ta`riplep otırmag`an. Onısız da onın` go`zzallıg`ı jetip atırg`an joq pa? Usı arıwdı ko`rgen shayırdın` o`zinin` halına qaran`A`

Ozimdi bezdirip sabır-qarardan,
Sabırıw-qararımdı mennen bezdirer.

yamasa:

Ka`pir ko`zin` musılmandı azg`ırıp,
Biyshara Ziywardı dinnen bezdirer.

Adamzat o`mirinde neshe so`z ustaları go`zzaldın` nurlı kelbetin ko`rsetemen dep qanshama qosıq qatarlarına arnasa da go`zzal diydine ele jete almag`an. A`jiniyaz qosıqların oqıy bersen` qıpsha belleri, altın

ju`zikli qolları, juldızdı jawratatug`ın ko`zleri olardın` go`zzallıg`ına ja`ne de go`zzallıq qosıp turg`anday boladı.

Ulıwma adamzattın`, sonın` ishinde shayırlardın` go`zzalg`a bolg`an ıqlası ele jırlanıp bolg`an joq. Bul ma`n`gilik qubılıs. Solay bolsa da shayırdın` «Bozatawlı na`zelim» shıg`arması tek A`jiniyazdın` g`ana emes, qaraqalpaq klassik shayırlarının`, ha`tteki qaraqalpaq a`debiyatının` muhabbat tuwralı jazılg`an qosıqlarının` gu`l tajı boldı.

Qaraqalpaq a`debiyatının` wa`killerinin` arasında «I.Yusupovta A`jiniyazdın` sulıwdı uyqıda jatırg`an jayınanshorshıtpay oyatıw usılı bar».[1] Al, ha`zirgi geypara shayırlarımız A`jiniyazdın` shan`ın birde ko`rse, birde ko`re almay qaladı. Olardın` ayg`a, juldızg`a ten`ep aspang`a shıg`arıp maqtap atırg`an sulıwlarının` o`zi de bul sulıwdı ko`rgende juldızlarday bolıp jawrap turmas pa eken? A`lbette, jawraydı.

Onın` lirikalıq qosıqlarındag`ı qatarlardın` so`zi bosqa alınbaydı. Ma`selen, onın` «Go`zzallar» qosıg`ınan mına qatarlardı oqıp ko`reyik:

Tırnadek otırıp, sonadek yu`rgen,
Yuz mın` jilwa menen qabag`ın kergen,

Bundag`ı «Tırnadek otırıp, sonadek yu`rgen» degen qatarg`a itibar berip ko`rin`. Sol zaman qızlarının` a`dep-ikramlılıg`ın usı bir qatar menen-aq jetkere alg`an. Tırnanın` otırısı menen g`azdın` ju`risin ko`z aldına eleslete alg`an adam bul qatarlardın` ma`nisine og`ada jaqsı tu`sine aladı. Shayırdın` «Yuz mın` jilwa menen qabag`ın kergen» demey «qasların kergen» dewi de mu`mkin edi. Biraq, qabaq kerilmese qastın` kerilmeytug`ınlıg`ın jaqsı tu`singen shayır bul qatarg`a tın`nan ten`ew tapqan. A`jiniyazdın` «Bir ja`nan» lirikalıq qosıg`ı ko`rkemligi ha`m mazmun jag`ınan en` jaqsı shıg`armalarının` biri. №osıqta «Tu`n ortada

[1] G.Esemuratov. Ibrayım Yusupovtın` poeziyası. «Qaraqalpaqstan» baspası, No`kis-1976, 113-bet.

yerdim uyqıda yatıp» degen qatar bar. Bılayınsha qarag`anda bul qatarda hesh qanday da kemshilik joqtay bolıp ko`rinedi.

Ilimpaz B. Qa`limbetov bul qatarlardı tallay otırıp bılay dep jazadı: «Ulıwma alg`anda tu`n ortada (yarım aqshamda) jigitti qızdın` oyatıwı ju`da` qolaysız jag`day. Sebebi adamzat ja`miyetinde qızdın` sawlatına bul mu`na`sip emes. Bul so`z hasıl nusqada «Ku`n ortada» dep durıs alıng`an».[1]

Biz de bul pikirge tolıg`ı menen qosıla otırıp, sonda ne sebep qosıqtın` bulayınsha basılıp ju`rgenligine hayran bolamız.

Ko`rgen zaman anı bag`rımdı ezip,
Oltırdım janımdın` u`mitin u`zip,
Janım otqa yaqtı ko`zlerin su`zip,
Qa`lem qashın men`a qaqtı da ketti.

Mine bul keltirilgen kuplette o`mirdin` ha`r qıylı kartinaları bar. Ha`r bir qatarına teren`nen na`zer taslap qarasaq onda u`lken bir ma`ni jatırg`anlıg`ı seziledi.

Da`slepki eki qatarda jigittin` qız aldında og`ada a`zzi onın` ta`g`diri, barlıq janı qız qolında turg`anday. Al, u`shinshi, to`rtinshi qatarlarında muhabbat sezimleri qaynawıtlap tur.

Qosıqtın` ulıwma ideyalıq mazmunı bolatug`ın bolsa qızdın` jigitten u`stem ekenligin an`latadı.

A`jiniyaz shayırdın` «Bir pa`riy» qosıg`ın oqıp otırıp oqıwshıda bul «Bir ja`nan»nın` dawamı emes pe eken degen oy tuwıladı.

[1] Б.Қәлимбетов. Әжинияздың лирикасы. «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис-1981, 74-бет.

Haqıyqatında da «Bir ja`nan» qosıg`ında sulıw lirikalıq qaharmandı kelip oyatıp atırg`anın ko`rsek al, «Bir pa`riy»de xoshlasıp ketip baratırg`anlıg`ın ko`remiz.

Ja`nan kelgen waqıtta:

Aqılımdı keturdim ko`rgen shul zaman,
Oyg`anıp uyqudan ko`rsem bir ja`nan.

dese, al xoshlasıp ketip baratırg`an sulıwdın` izinen qarap qalg`an qaharmannın` awhalı to`mendegidey:

Xoshlasıp men qalıp boldım intizar,
Ta`nimda` qalmadı za`rra`dek ma`da`r,
Men onın` ıshqında boldım xorı-zar,
Aqlı-hushım alıp ketti bir pa`riy.

A`jiniyazdı shın ma`nisinde shayır dep tanıtatug`ın belgilerdin` biri – o`zi jasap turg`an zamanının` sotsiallıq ten`sizligin ko`rsetiw boldı. Bular bir-birinen bo`lingen, ha`r qaysısı o`z aldına su`wretlengen emes, olar bir-biri menen tıg`ız baylanısqan.

U’stimizda` zaman pasad bolub tur,
Aqlımnın` hushımnın` ba`rin alıp tur,
Musılman orısqa ja`bir bolub tur,
Na`yleyin zamanım kelmes, dildarım.

A`jiniyaz shayır ashıqlıq temasın so`z etkende go`zzaldın` qa`ddi-qa`wmetin, ju`ris-turısın, aqılın, kiygen kiyimin su`wretlew menen sheklenbesten onın` siyasiy jag`ınan da itibar berip qaraydı.

Shayır o`zinin` «Ayrılsa» qosıg`ında:

Bul du`n`yanın` ko`rki adam balası,
Adamnın` da ko`kke jeter nalası,
Ko`n`ildin` ko`p bolar qayg`i japasi,
Xosh qiliqli sa`wer yardan ayrilsa.–

degen teren` gumanistlik pikirdi aytadı.

Bul jerdegi birinshi qatardag`ı pikir du`n`yadag`ı en` qa`dirli na`rse – adam balası dep qaraytug`ın bizin` ko`z-qarasımızg`a da og`ada u`nles keledi. Al, ha`zir bul na`rse ja`ne de ayqınlasıp, adam faktorına bolg`an dıqqat burıng`ıdan da ku`sheydi.

Qosıqtın` ekinshi qatarındag`ı «Adamnın` da ko`kke jeter nalası» degen so`zlerden shayır ezilgen miynetkesh adam balasına janı ashıg`anlıq sezimi an`g`arıladı. Shayır o`zinin` «Bolmasa» qosıg`ında:

Aqıllı yaqshının` giynesi bolmas,
Yaman adam giyne tutsa umıtpas,
Atqa mingen menen ka`tquda bolmas,
Jurttan asqan aqıl-hushı bolmasa, -

dep jazadı.

Ha`zirgi waqıtta A`jiniyazdın` bul to`rt qatarı ha`tteki naqılg`a aynalıp ketken. Birinshi ekinshi qatarlarında adamnın` minezinde bolatug`ın kemshilikler menen jetiskenlikler, jaman menen jaqsının` parqı ayrılıp ko`rsetiledi.

Aqıllı adamlardın` jaman bolmaytug`ınlıg`ı, al jaman adamnın` qanday jag`day bolsa da jaman atı keshetug`ınlıg`ın ha`m onın` klasslıq ma`nisin ayırıp: «Atqa mingen menen ka`tquda bolmas» dep sol da`wirdegi ha`meldarlardın` jag`ımsız ha`reketlerin qattı sıng`a aladı. A`jiniyaz shıg`armalarının` arasında:

Bir shopan da`stine tu`sse bir almaz,
Shaxmaqqa qarj eter qa`dirin ne bilsin,
Qarazban qolına tu`sse alg`ır baz,
Qanatın qayırar qa`dirin ne bilsin –

degen qatarlar ushırasadı.

B. Qa`limbetov usı kuplettegi «qarazban» degen so`zdi bılayınsha tu`sindiredi: «Usı qatarlardag`ı «qarazban» so`zin shayır obraz retinde paydalanıp otır. «Qarazban» so`zin ko`p g`ana tu`sindiriwshiler «qarazman» so`zi menen shatastırıp kiyatır…

Egerde bul jerde «qarazman» so`zinin` ma`nisinde qollang`anda, ol so`z ko`rkem obraz da`rejesine jetpey qalar edi. Shayır «qarazban» so`zin bul jerde durıs qollanıp otır.

«Qara bug`a», «qara mal» degen ma`nini qollanıp «haywan jaqsının` qa`dirin bilmeydi» degen tu`sinikti tu`sindirip bermekshi bolg`an»[1] deydi. Og`ada jaqsı pikir! Biraq bul jerde «mal» so`zi qaytadan kelip shıqtı, sonı da`lillewi kerek emes pe? Bul avtordın` o`zi ushın tu`sinikli shıg`ar ba`lkim?! Biraq oqıwshılar onın` «mal» degen so`z ekenligin qalay biledi?

Bul kupletti A`jiniyazdıki dep pikir talastırıp otırıwdın` da paydası az. Sebebi, tek qatarlarının` ornı almasqanı bolmasa, bul kuplet tolıg`ı menen Maqtumqulının` shıg`armalarının` arasında da bar.[2] Bizin`she so`z bolıp otırg`an kuplet Maqtumqulınıki bolıwı da mu`mkin.

Adamnın` adamg`a bolg`an sheksiz muhabbatı – bul A`jiniyaz shıg`armalarının` gimni. Sonlıqtan da ol ba`rhama adam ulı adam qa`dirin biliwdi uqtırıp otıradı.

---

[1] B. Qa`limbetov. A`jiniyazdın` lirikası. «Qaraqalpaqstan» baspası. No`kis-1981, 61-62-betler.
[2] Qaran`ız. Maqtumqulı. Qosıqlar. «Qaraqalpaqstan» baspası, No`kis-1984, 35-bet.

Adam ulı adam qa`dirin bilmese,

Onnan du`zde otlap ju`rgen mal jaqsı.

A`jiniyaz shayır didaktikalıq qosıqlarının` ko`pshiliginde tuwılg`an jerdin` qa`dirin bil deydi. Tuwılg`an jerdin` qa`dirin bilgen adam g`ana haqıyqıy adamzat degen so`zler onın` shıg`armalarının` bastan ayag`ına jan`lap esitilip turadı.

Shayır «Na`siyat» qosıg`ında:

Qazı bolsan` a`dil bolıp yol sorg`ıl,
Bay, paxırıw bek sultana ten` turg`ıl -

deydi. Son`ınan bul pikirin ja`ne de o`tkirlestirip: «Patsha bolsan` a`dilden qoy qazını, Puxaranın` qısh a`yleme yazını» dep jazadı.

## JUWMAQ

A`jiniyaz Qosıbay ulı shıg`armaların bastan ayag`ına dıqqat penen oqıp qarasaq shayırdın` o`z da`wirinde zamannın` a`dalatsızlıg`ın, miynetkesh xalıqtın` awır awhalın jaqsı tu`siniw da`rejesine jetkenligin ko`remiz. Ol du`n`yadag`ı bolıp atırg`an barlıq on`bag`anlıqlardı o`z ko`zi menen ko`rdi. Sanalı shayır bul na`rselerdin` nadurıs ha`reketler ekenlign sezdi. Sonlıqtan da oyshıl shayır bunday jeksurın ha`reketlerge o`z ko`z-qarasın bildirmey tura almadı.

A`jiniyaz xalıq ma`pi ushın jan pida` etken qaraqalpaq xalqının` el basqarg`an biylerine maqtanısh penen qaradı. El namısın satqan satqınlarg`a na`let ayttı.

Xalıqtın` erkin turmıs keshiriw jolların izledi. Og`ada awır jag`dayda bolg`an hayal-qızlar turmısına ashınıp olarg`a jaqtı zaman tiledi. Sonday-aq shayır xalıqtın` ma`deniyatlı, erkin o`mir su`riwin a`rman etti. Bul jag`ınan alıp qarag`anımızda A`jiniyazdın` ko`z-qarasları qazaq xalqının` belgili aqını Abaydın` ko`z-qarasına og`ada jaqın, u`nles keledi.

A`jiniyaz «Gu`zar da`rbentinde qurg`an ko`shkimde, Da`rtimdi da`rtleser ha`mdam bolmadı» dep nalınsa, o`z xalqının` sawatsız ekenligine ashıng`an Abay:

«Qartaydıq, qayg`ı bastı, uyqı sergek,
Ashıwın` ashıg`an uw, oyın` – kermek,
Mun`lasarg`a adam joq so`zdi ug`arlıq,
Kim kewildi ko`terip bolar ermek?»[1]

dep gu`n`irenedi.

[1] Abay. Saylandı qosıqları, poemaları, No`kis, «Qaraqalpaqstan». 1985, 14-bet.

A`jiniyazdın` du`n`yag`a bolg`an ko`z-qaraslarının` ha`mmesi onın` shıg`armalarında teren` lirizm menen o`z sa`wleleniwin taptı. Joqarıda ko`rsetip o`tkenimizdey shayır do`retiwshiligi tuwralı jazılg`an ilimiy miynetler, maqalalar onsha az emes.

Degen menen elege deyin A`jiniyazdın` qosıqların ta`rtiplestiriw, yag`nıy Berdaq shıg`armalarınday etip belgili da`wirlerge bo`liw isi qolg`a alınbay atır. Ayırım qosıqları jo`nindegi pikirler de elege deyin sho`lkem-shalıs.

Geypara ilimpazlarımız shayırdın` «Du`sen qa`ndekli» qosıg`ın Berdaqtıki dep kesip aytpaqta.[1]

Abbaz shayırdın` da`slepki ku`nlerindegi ko`z-qarasların yadqa tu`sire otırıp, A`jiniyazdın` da du`n`yag`a bolg`an ko`z-qarası ele sayız, sheberlik da`rejesi rawajlanbay atırg`an jaslıq da`wirinde onday qosıqlardı jazıwı a`bden mu`mkin ekenligine nege gu`manlanamız?

A`jiniyaz shayır poeziyasında belgili Shıg`ıs klassiklerinin` ta`siri og`ada ku`shli. Ol Shıg`ıs klassik a`debiyatın jaqsı tu`singen shayır. Sonın` menen birge Shıg`ıs klassikalıq poeziyasının` jaqsı u`lgilerin qaraqalpaq a`debiyatına alıp keldi. Bul ta`sir etiwdi ko`pshilik ilimpazlarımız tek Nawayı ha`m Maqtımqulı qosıqları menen baylanıstırıp sheklenedi.

Ilimpaz B. Qa`limbetov onı Arıdan, yag`nıy Dehleviy, Mashrab do`retiwshiliginen izleydi. Bunı mısallar menen da`lilleydi. Ilimpazdın` bul islegen miynetin ayrıqsha atap o`tiwge ılayıq.

A`. Pirnazarov ha`m B. Qa`limbetov shayırdın` astarlı ma`nidegi qosıqlarının` to`rkini xalıqtın` fol`klorlıq shıg`armalarında jatır deydi. Sonday-aq A`.Pirnazarov shayırdın` «Bozataw», «Ko`zlerim», «Yan`lıdı»

---

[1] Qaran`ız. A.Murtazaev. Klassikalıq do`retpelerinin` avtorlıg`ı haqqında. «A`miwda`r`ya» jurnalı, 1981-jıl, № 9, 122-betler.

ha`m tag`ı basqa da qosıqlarının` variantı xalıq qosıqlarında da bar ekenligin aytadı.[1]

Bul pikirlerge ja`ne de bizin` qosarımız, xalıq qosıqların oqıp otırıp, shayırdın` qosıqlarının` ayırımları fol`klorg`a aralasıp ju`rgen joq pa eken? degen gu`man tuwıladı. Ma`selen, xalıq qosıqlarının` arasındag`ı «Ko`k ko`ylek ishinde ilgekli tu`yme» degen astarlı ma`nidegi qatardı alıp qarayıq. Bunday sheberlik tek A`jiniyazday so`z ustasının` qa`lemine tiyislidey bolıp ko`rinedi.

Berdaq o`zinin` zamanlas shayırları haqqında:

«A`jiniyaz benen birge ju`rdim,
Ku`nxojanı taqıyıq ko`rdim»[2] -deydi.

A`jiniyaz shayır nege sonda o`z zamanlasları tuwralı hesh na`rse aytpaydı degen oy keledi. Bul pikirlerdin` ha`mmesi bizdi ele de shayır shıg`armaları tolıq jıynalmay atırg`an bolıwı itimal degen boljaw aytıwg`a iytermeleydi.

A`jiniyaz shayır shıg`armalarının` ayrıqsha sızıp ko`rsetetug`ın ta`riypi onın` qosıqlarında basqa qaraqalpaq klassik shayırlarının` shıg`armalarındag`ıday ruwlıq, feodallıq tendentsiya ko`rinbeydi. Ol tek Mırza Qojbang`a elin ta`riyplegende g`ana qaraqalpaq xalqının` ayırım uruwların tilge aladı.

Ha`tteki Qız Men`esh A`jiniyazdın` haslı – zatın sorag`anda da: «A`kemnin` qoyg`an atı Hajıniyaz, Urıwım - qaraqalpaq sol su`yegim» - (-213-bet) dep o`zinin` milletin aytıw menen sheklenedi. Bul da shayırdın` o`z da`wirinin` ozıq oylı azamatı ekenliginen da`rek beredi.

---

[1] Qaran`ız. A.Pirnazarov. Masterstvo Ajiniyaza. Nukus, «Karakalpakstan»-1983, 12-17-str. B.Qa`limbetov. A`jiniyazdın` lirikası. No`kis, «Qaraqalpaqstan»-1981, 55-bet.
[2] Berdaq. Tan`lamalı shıg`armaları. No`kis, «Qaraqalpaqstan»-1987, 139-bet.

Xalıq A`jiniyaz shayırdın` lirizmge tolı qosıqların janınday su`yip oqıdı. A`sirese, A`jiniyazdın` shayırlıq pafosı qaraqalpaq poeziyasının` o`sip rawajlanıwına u`lken ta`sirin tiygizdi.

Ayapbergen shayırdan baslap ha`zirgi jas shayırlarımızg`a shekemgi aralıqtag`ı ko`rkem so`z ustaları A`jiniyaz poeziyasın aylanıp o`te almadı. Degen menen shayır poeziyasın ha`r kim o`zinshe qabıl etedi.

A`jiniyazdın` sayasınan shıg`a almay ju`rgen shayırlarımız ele de barshılıq. Joqarıda aytıp o`tkenimizdey ha`zirgi geypara poeziyada qa`lem terbetip kiyatırg`anlardın` ta`riplegen sulıwları A`jiniyaz su`wretlegen sulıwlardın` qasında jawrap turadı.

«A`jiniyazdın` poeziyasın kewli tanıp, onın` so`z ustalıg`ınan nusqa alg`an shayırlarımız na`tiyjesiz bolıp qalıp atırg`an joq».[1]

Bunday shayırlarımızdan I.Yusupovtı, K.Raxmanovtı, marhum T.Ma`tmuratovtı ha`m tag`ı basqa da usılar sıyaqlı talantlı so`z ustaların aytıp o`tsek boladı.

A`sirese, «I.Yusupovtın` so`zlerinin` a`piwayı bola turıp shıyraq, sulıw to`selip keliwinde A`jiniyaz … qosıqlarının` ha`wiji, ag`ımı bar».[2]

A`lbette, biz bunın` menen A`jiniyazdı hesh bir kemshiliksiz shayır boldı demekshi emespiz. Onın` da ashıqlıq qosıqlarında bir qansha kemshilikler ushırasıp qaladı. Bunın` ushın biz shayırdı gu`nalawg`a da haqılı emespiz. Sebebi shayırdın` o`zi aytqanınday-aq onın` «qa`lpe sayyadları maman bolmadı».

A`jiniyaz shayırdın` ko`rkem obrazı Ka`ramatdin Sultanovtın` «A`jiniyaz romanında (birinshi kitap)», Kamal Ma`mbetovtın` «Bozataw» romanında ha`m Ibrayım Yusupovtın` liberettosın jazg`an

---

[1] A`.Pirnazarov. A`jiniyazdın` so`z ustalıg`ı haqqında geypara oylar. «A`miwda`r`ya» jurnalı, 1975-jıl, № 8, 118-bet.

[2] G.Esemuratov. Ibrayım Yusupovtın` poeziyası. «Qaraqalpaqstan», No`kis-1978, 9-bet.

«A`jiniyaz» atlı qaraqalpaqtın` tun`g`ısh operasında ken`nen sa`wlelenedi.

Shayırdın` qaraqalpaq a`debiyatındag`ı tutqan ornı haqqındag`ı aytajaq pikirimizdi I.Yusupovtın` mına qosıq qatarları menen juwmaqlamaqshımız.

«Juldızlardı jerge u`n`iltpek bolsan`,
Jaman shayırlardı tu`n`iltpek bolsan`,
Eger men o`lgende tiriltpek bolsan`,
Ayt sen A`jiniyazdın` qosıqlarınan».[1]

[1] I.Yusupov. Shıg`armalarının` eki tomlıg`ı, I-tom, «Qaraqalpaqstan», No`kis-1978, 309-bet.

## A`DEBIYaTLAR DIZIMI


1. Axmetov S., Sultanov Q. A`debiyattanıw. No`kis, «Qaraqalpaqstan», 1987.

2. A`jiniyaz. No`kis, «Qaraqalpaqstan», 1975.

3. Da`wqaraev N. Shıg`armalarının` tolıq jıynag`ı, 3-tom, No`kis, «Qaraqalpaqstan», 1979.

4. Esemuratov G., Ibrayım Yusupovtın` poeziyası. No`kis, «Qaraqalpaqstan», 1976.

5. Ja`rimbetov Q. «XIX a`sir qaraqalpaq lirikasının` janrlıq qasiyetleri ha`m rawajlanıw tariyxı» No`kis «Bilim» 2004.

6. Ja`rimbetov Q. «Ashıq Ziywar» No`kis «Bilim» 1998

7. Qa`limbetov B. A`jiniyazdın` lirikası. «Qaraqalpaqstan» baspası, No`kis-1981.

8. Maqtımqulı. Qosıqlar. «Qaraqalpaqstan», No`kis-1984.

9. Ma`mbetov K. A`jiniyaz shıg`armalarında Shıg`ıs klassiklerdin` da`stu`rleri. «A`miwda`r`ya» jurnalı, 1975-jıl, № 7.

10. Ma`mbetov K. «A`jiniyaz» 2001-jıl,

11. Nurmuxamedov M. Rus-qaraqalpaq ma`deniy baylanıslarının` tariyxınan. Shıg`armalarının` eki tomlıg`ı, 1-tom, No`kis, «Qaraqalpaqstan», 1983.

12. Pirnazarov A. Masterstvo Ajiniyaza. Nukus, «Qaraqalpaqstan», 1983.

13. Pirnazarov A`. A`jiniyazdın` so`z ustalıg`ı haqqında geypara oylar. «A`miwda`r`ya» jurnalı, 1975-jıl, № 8.

14. Paxratdinov A`. Shayırdın` lirikalarındag`ı sheberliktin` sırları, Berdaq haqqında so`z. No`kis, «Qaraqalpaqstan», 1967.

15. Sag`itov I. A`jiniyaz qaraqalpaq a`debiyatının` maqtanıshı. «A`miwda`r`ya» jurnalı, № 4, 1983-jıl.

16. Sultanov Q. A`jiniyaz poeziyasının` janrları. «A`miwda`r`ya» jurnalı, 1975-jıl, № 8.
17. Xudaybergenov K. Da`wir ha`m parız. No`kis, «Qaraqalpaqstan», 1987.
18. Hamidov H. A`jiniyaz poeziyasının` derekleri haqqında. «A`miwda`r`ya» jurnalı, 1975-jıl, № 8.
19. Yusupov I. Shıg`armalarının` eki tomlıg`ı. I-tom, 1978. II-tom, , No`kis. Qaraqalpaqstan1979.
20. Yusupov I. Dala Orfeyi. A`jiniyaz. «Qaraqalpaqstan» baspası, No`kis, 1975.